**दिन–सोमवार** **दिनांक–18.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति माध्यमिक आ उच्च माध्यमिक शिक्षक पात्रता परीक्षा एसटीईटी दू हजार चौबीसक परिणाम जारी कऽ देलक अछि। बोर्डक अध्यक्ष आनंद किशोर जनौलनि जे परीक्षा मे दू लाख संतानवे हजार सात सय सैंतालीस अभ्यर्थी सफल भेल छथि। श्री किशोर कहलनि जे नवम् आ दसम् कक्षा लेल एक लाख चौरानवे हजार छओ सय संतानवे अभ्यर्थी सफल भेल छथि। जखनकि एगारहम् आ बारहम् कक्षा लेल आयोजित पात्रता परीक्षा मे एक लाख तीन हजार पचास अभ्यर्थी उत्तीर्ण भेल। परीक्षा परिणाम बिहार बोर्डक आधिकारिक वेबसाईट सेकेंडरी डॉट बिहार बोर्ड ऑनलाईन डॉट कॉम पर देखल जा सकैत अछि।

---

बिहार विधान परिषदक तिरहुत स्नातक सीट पर पांच दिसंबर के होबयवला उपचुनाव लेल आइ नामांकनक अंतिम दिन छल। उपचुनाव लेल नामांकन करयवला मे जदयूक अभिषेक झा, राजदक प्रोफेसर गोपीकिशन आ जनसुराजक डॉक्टर विनायक गौतम प्रमुख छथि। काल्हि नामांकन पत्रक जांच होयत। जखनकि एक्कैस नवंबर धरि उम्मीदवार अपन नाम वापस लऽ सकैत छथि।

---

राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा कहलनि अछि जे हुनक पार्टी जमीनी स्तर पर एनडीए के मजगूत करबाक काज कऽ रहल अछि। श्री कुशवाहा बिहार यात्राक चारिम चरण मे समस्तीपुर मे संवाददाता लोकनि के जनौलनि जे अगामी विधानसभा चुनाव मे एनडीए गठबंधनक जीत निश्चित अछि। ओ कहलनि जे यात्रा मे बुथ स्तर पर संगठन के मजगूत करबाक प्रयास कैल जा रहल अछि।

---

राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर कहलनि अछि जे हिन्दी भाषा आ साहित्य के विकास लेल एकरा ह्रदय सँ अपनेबाक होयत। श्री आर्लेकर आइ मुजफ्फरपुर मे लंगट सिंह महाविद्यालय परिसर स्थित गोवाक पूर्व राज्यपाल आ पद्मश्री सँ सम्मानित डॉक्टर मृदुला सिन्हाक प्रतिमाक अनावरण समारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे डॉक्टर मृदुला सिन्हा हिन्दी भाषाक उत्थान लेल विशेष प्रयास कयलनि आ बिहारक लोक संस्कृति के साहित्यक माध्यम सँ लोकक सोझा लौलनि।

———————————————————————

समस्तीपुर मे आइ आयोजित एक कार्यक्रम मे बिहारक स्वर कोकिला शारदा सिन्हा के श्रद्धांजलि देल गेलनि। एहि अवसर पर साहित्यकार डॉक्टर नरेश कुमार विकल, भाजपा नेता रंजीत निर्गुणी आ सामाजिक कार्यकर्त्ता डॉक्टर विनय कुमार कहलनि जे शारदा सिन्हा अपन गीतक माध्यम सँ भारतक संस्कृति के जन–जन धरि पहुँचौलनि।

———————————————————————

बिहार विधान परिषद मे आइ स्वतंत्रता सेनानी बटुकेश्वर दत्त के जयंती पर परिषदक उपसभापति डॉक्टर रामवचन राय हुनक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि देलनि।

———————————————————————

छठि पूजाक बाद रेलवे द्वारा चलाओल जा रहल एगारह स्पेशल ट्रेनक परिचालनक अवधि मे विस्तार कयल गेल अछि। एहि क्रम मे दरभंगा आनंद विहार स्पेशल, के दू फेरी आ सहरसा आनंद विहार रेलगाड़ी के सेहो चौबीस नवंबर धरि दू फेरीक बढ़ेबाक निर्णय लेल गेल अछि।

———————————————————————

राजगीर मे आयोजित एशियन महिला हॉकी चैंपियंस ट्रॉफी प्रतियोगिताक सेमीफाइनल मोकाबिला काल्हि खेलल जायत। पहिल सेमीफाइनल मोकाबिला मे अंक तालिका मे पंद्रह अंक लऽकऽ शीर्ष पर रहि रहल भारतीय टीमक मोकाबिला जापान सँ होयत। जखनकि दोसर सेमीफाइनल मे चीन आ मलेशियाक टीम आमने–सामने रहत। प्रतियोगिताक फाइनल मोकाबिला बीस नवंबर के खेलल जायत।

———————————————————————

राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश भाग मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार विभिन्न स्थान पर तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस कमी दर्ज कयल गेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला दू दिन धरि प्रदेशक अधिकांश भाग मे जाड़ बढ़त। हालांकि, रातिक तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। एहि क्रम मे दरभंगा, मधुबनी, सीतामढ़ी, अररिया, पूर्णियां, पूर्वी चंपारण आ पश्चिमी चंपारण सहित प्रदेशक उत्तरी भाग मे कतेको ठाम सबेर आ सांझ मे मध्यम स्तरक कुहेस लागल रहत।

———————————————————————

कटिहार रेलवे स्टेशनक प्लेटफॉर्म संख्या तीन पर ड्यूटी पर उपस्थित एक रेल अधिकारी विपीन कुमार सिंहक ट्रेनक चपेट मे अयला सँ मृत्यु भऽ गेलनि।

मुंगेर जिलाक हवेली खड़गपुर थाना क्षेत्र अंतर्गत मुंढेरी गाम मे किछु अपराधीक गोली–बारी मे दू युवक गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह। प्राप्त जनतबक अनुसार पैक्स चुनाव के लऽकऽ आपसी मतभेद मे ई घटना भेल।

बेगूसराय जिलाक डंडारी बांक गाम मे सवेरे पटवन कऽ रहल एक किसान के बिजलीक करंट लगला सँ मृत्यु भऽ गेलनि।

———————————————————————

समाप्त